

VIL SOMERVILLE



Pwogram kote kèk nan nouvo lojman yo nan pri
abòdab
Lis atant ki konbine

Sesyon enfòmasyon



Entwodiksyon / Entèpretasyon

- **Alanna Gaffny**, Direktè Adjwen, Vil Somerville
- **Benjamin Wyner**, Spesyalis pwogram nan, Vil Somerville
- **Shannon Lawler**, Spesyalis pwogram nan, Vil Somerville
- **Kaitlyn Plocharczyk**, Spesyalis akèy, Vil Somerville
- **Pèsonèl Zafè biwo imigre nan Somerville**

**Fason ou ka gen aksè ak sèvis entèprèt
la**





Ajanda

- Apèsi sou lis atant konbine pou lojman
- Ki sa ki chanje?
- Etap pou aplike pou lis atant konbine a
- Prezantasyon Aplikasyon an
- Kreye yon lis atant
- Pwochen etap yo ak dat enpòtan yo
- Kesyon ak repons



Patisipasyon oditwa a

Kiyès ki ap viv nan Somerville? Konbyen tan ou genyen depi ou ap viv la a?

Èske ou te tande pale de Pwogram kèk nan nouvo lojman yo nan pri abòdab?

- Èske gen yon moun ki konnen fason lojman sa yo konstwi?

Èske ou te aplike pou lojman nan pri abòdab nan tan lontan?

- Èske ou te gen yon pwoblèm kèlkonk lè ou te aplike a? Pa egzanp:
 - Ou pa t rive depoze demann nan akòz ou pa t ka respekte delè a?
 - Pwoblèm anrapò ak kalifikasyon ou?
 - Ou pa t renmen lojman an?
 - Lòt pwoblèm? Tanpri, leve men ou si ou gen yon bagay ou vle di nou.

Ann pale sou avantaj Pwogram kèk nan nouvo lojman yo nan pri abòdab ak fason pwogram nan chanje.



Apèsi sou pwogram kote kèk lojman nan pri abòdab

Ki kote kèk nan nouvo lojman ki nan pri abòdab yo ye?

Pifò nan nouvo konstriksyon ki gen omwen 4 lojman rezidansyèl gen kèk lojman ki nan pri ki abòdab.

Ak ki sa lojman sa yo sanble?

Lojman ki nan pri abòdab yo se lojman ki jis tankou lòt yo. Sa gen ladan l:

Gwosè lojman

Materyèl yo itilize nan konstriksyon an, tankou sa pou kouvri atè a, kontwa ak plaka

Aparèy yo itilize nan kay, tankou frijidè, fou, ak machin pou lave vesèl

Aksè ak lòt espas nan pwopriyete a, tankou yon sal kominotè

Lojman yo disponib pou moun revni yo koresponn ak 50%, 80%, ak 110% Revni Mwayèn Zòn nan (AMI) nan Boston. Yo mete chif sa yo ajou chak ane. Men egzanp kantite kòb kòm AMI ki gen kounye a:

- Revni maksimòm chak ane pou yon kay ki gen kat moun ki koresponn ak 50% AMI se \$81,600
- Revni maksimòm chak ane pou yon kay ki gen kat moun ki koresponn ak 80% AMI se \$130,250
- Revni maksimòm chak ane pou yon kay ki gen kat moun ki koresponn ak 110% AMI se \$179,520



Apèsi pwogram nan ap kontinye...

Konbyen kòb lwaye a?

Kòb lwaye a depann de pwopriyete a ak ki lè yo te konstwi lojman an. Men kèk egzanp kòb lwaye pandan ane ki sot pase a*:

Nivo revni	1-Chanm akouche	2-Chanm akouche
50% AMI	\$1,043 - \$1,530	\$1,192 - \$1,836
80% AMI	\$1,824 - \$1,989	\$2,085 - \$2,388
110% AMI	\$2,234 - \$3,142	\$2,605 - \$3,591

** Se lojman kote pwopriyete a peye tout sèvis piblik yo, tankou chofaj, dlo ak kouran. Lè yon lokatè responsab pou peye bagay sa yo, kòb lwaye a pi piti.*

Ou dwe konnen:

Stati w kòm imigran pap gen efè sou kalifikasyon w pou yon lojman ki nan pri abòdab.

Pa gen fon gouvènman an bay pou devlope oswa jere lojman ki nan pri abòdab yo.



Ki sa ki chanje? Poukisa mwenn dwe aplike?

Yon sèl lis atant

- **Anvan sa**, te gen diferan aplikasyon pou chak pwopriyete ki gen lojman ki nan pri abòdab.
- **Kounye a**, ou ka depoze yon sèl aplikasyon.
- **Si gen bagay ki chanje**, tankou revni moun lakay ou, ou pa pèdi plas ou sou lis la. Nou jis fè mizajou pou konnen ki lojman yo ka ofri moun lakay ou.

Lojman yo ajoute

- **Nouvo lojman ki gen lojman ki nan pri abòdab.**
 - Nou swete nan pwochen 5 ane yo, ap gen prèske 250 nouvo lojman pou lwe k ap fini e y ap pwopoze moun ki nan lis atant ki konbine a.
- **Lojman ki nan pri abòdab yo te konstwi anvan sa.**
 - Gen plis pase 400 lojman ki nan pri abòdab yo te konstwi anvan sa ki pral sou lis atant konbine pou lojman y ap lwe yo yonfwa lis atant ki la kounye a fini.



Chanjman nan preferans Somerville

Kategori preferans:

Nivo 1: Preferans

Rezidan Somerville ki gen kounye a

Gen ladan li moun ki sanzabri e ki ap viv nan Somerville (tankou moun k ap viv nan lokal yo loje moun pandan yon ti tan oswa pandan yon tan ki pi long anvan y al nan kay pa yo.)

Timoun nan Lekòl Somerville yo

Gen ladan li moun ki gen omwen (1) timoun ki nan Lekòl Piblik Somerville oswa Lekòl piblik aksè a gratis e ki pa depann de distri lekòl la.

Nivo 2: Preferans

Travay nan Somerville omwen 20 èdtan pa semèn

Pa nan Somerville depi 2 an

Nivo 3: Preferans

Moun ki san preferans nivo 1 oswa nivo 2

Yo konsidere moun lakay ou kòm moun ki gen yon preferans si omwen youn ladan yo ranpli kondisyon pou preferans sa a.



Stati moun ki gen priyorite

Kòman kesyon priyorite a fonksyone?

Toudabò, yo gwoupe moun nan kay la selon nivo preferans lan.

Epi, yo mete moun nan kay la yo fè konnen ki gen stati moun ki gen priyorite pi wo nan lis atant nivo preferans sa a.

Yo pa adisyone priyorite yo – Yo trete moun ki gen yon priyorite yo menm jan ak moun ki gen de oswa twa priyorite.


Ou ka gen stati moun ki gen priyorite si youn nan moun lakay ou:

1. Fè eksperyans sanzabri
2. Viktim vyolans lakay li
3. Nan yon lojman ki pa an sekirite akòz move eta li ye
 - Si Depatman Sèvis Enspeksyon an mande ou kite lojman an akòz move eta li ye
4. Bezwen yon lojman moun ki gen limit nan depasman yo ka gen aksè avèk li, ki adapte, oswa ki pou moun ki gen pwoblèm wè/tande
5. Gen yon kupon lojman ou ka lwe divès kote
6. Ou riske pèdi lojman ou
 - Pa egzanp, si ou te resevwa yon avi pou kite kay la.



Etap En

ENSKRI POU OU KA KONNEN LÈ APLIKASYON AN DISPONIB



Bouton vèt la oswa kòd QR ki pi wo a ap mennen w nan paj enskripsyon an kote ou ka mete enfòmasyon pou kontakte ou.

Yon fwa aplikasyon an disponib, nou ap fè tout moun ki te enskri yo konn sa pa imel.



Etap de

RANPLI APLIKASYON AN

Kenbe sa nan lespri ou:

Ki moun ki fè pati moun lakay mwen?

Asire ou ou mete nan aplikasyon an tout moun ki ap fè pati moun lakay ou.

Ki revni ak byen moun lakay mwen genyen?

Revni chak ane gen ladan li tout kòb adilt lakay ou fè pandan yon ane. Ou dwe adisyone revni total yo anvan yo pran taks oswa lòt kòb.

Byen yo gen ladan l lajan kach, kòb sou kont labank ak aksyon. Y ap mande w pou w mete tout bagay sa yo sou aplikasyon w lan.

Èske mwen bezwen bay dokiman yo?

Ou **pap** bezwen bay dokiman pou pifò nan kesyon ki nan aplikasyon an.

Si w aplike pou w gen yon lojman yo fè pou moun ki andikape oswa w mande pou gen yon adaptasyon ki rezonab, n ap mande w pou bay yon lèt yon doktè oswa lòt pwofesyonèl sante apre w fin voye aplikasyon an.



Etap Twa

APLIKASYON KI DISPONIB

Aplikasyon an ap disponib apati 2 Febriye 2026

Sou Entènèt nan: SomervilleWaitlist.org

An pèsòn: N ap ofri èd pou demann yo nan anèks meri vil la ak bibliyotèk piblik Somerville an ann avril ak an me

Voye aplikasyon w lan anvan dat limit lan ki se: 2 Mas 2026

Aplikasyon an ap toujou disponib nan lang:

Anglè, Espanyòl, Pòtigè, Nepalè, Chinwa tradisyonèl ak Chinwa Senplifye.

Epitou nou ka ede nan entèprete ak tradui an dirèk dokiman enpòtan yo nan nenpòt ki lang – jis voye demann ou an.



Demonstrasyon



KREYE LIS ATANT LAN

LÈ MOUN KA APLIKE POU AJOUTE YO SOU LIS KONBINE LOJMAN ABÒDAB KI DISPONIB YO:

Aplikasyon yo ap fèt an liy, e pèsònèl nou an ansanm ak òganizasyon kominotè lokal la ap ede moun yo ranpli aplikasyon yo a.

LÈ YON LOJMAN VIN DISPONIB:

Vil la ap envite moun ki an tèt nan lis atant lan pou vizite lojman sa a. Moun yo ka refize lojman an oswa kontinye nan etap apre a epi verifye si yo kalifye.

Ou ka refize yon lojman, men gen yon limit sou kantite fwa nou ka verifye si w kalifye pou yon lojman epi pèmèt ou refize.



KALIFIKASYON MOUN NAN KAY LA

TÈS POU WÈ SI MOUN KI NAN KAY LA KALIFYE*:

Tès pou wè si moun yo kalifye pou pwogram nan:

Si w konfime ou enterese nan yon lojman, n ap mande w pou w bay kèk nan dokiman yo pou tout moun ki adilt yo.

Pami dokiman sa yo, genyen:

- **Dokiman sou revni**
- **Dokiman sou byen yo**
- **Taks sou dènye ane a**
- **Dokiman sou preferans oswa stati moun ki gen priyorite nan Somerville**, pou moun nan kay la ki genyen yo

Lòt tès:

Pwopriyetè a oswa konpayi jesyon an ap verifye tou si gen moun nan kay la ki kalifye.

Sa ka gen ladan l verifye enfòmasyon apre yo pou moun nan kay la:

- **Kredi**
- **Pase kriminel**
- **Pase anrapò ak lwaye** – Sa ka gen ladan l verifye ou te peye lwaye a atan epi pale ak yon ansyen pwopriyetè

** Ou pa dwe janm ekri pwopriyetè ou gen kounye a pou fè konnen w ap kite, sof si yo ba w yon kontra pou yon nouvo lojman.*



KONTINYE AVANSE

METE ENFÒMASYON YO AJOU:

Alavni, ou dwe mete aplikasyon an ajou si gen kèlkeswa chanjman an:

- Ki moun ki fè pati moun lakay ou
- Revni moun lakay ou
- Chanjman nan stati preferans ou oswa priyorite
- Enfòmasyon pou kontakte moun, tankou imel, adrès oswa nimewo telefòn

LIS ATANT LAN DISPONIB ANKÒ

Lis atant lan ap disponib ankò, men nou panse sa ap fèt youn oswa de ane apre li fin fèmen nan dat 2 Mas.

Nou ankouraje moun ki nan kay la aplike ane sa a, pou l ka sou lis atant la depi kounye a!



Si m sou yon lòt lis atant nan Somerville, èske mwen bezwen aplike pou lis atant konbine pou lojman an?

Wi: Ou bezwen aplike pou w sou yon nouvo lis atant.

Yo pap transfere moun ki sou lis atant yo nan nouvo lis atant sa a.

Lis atant sa a pa pou tout lojman abòdab nan Somerville.

Ou ka toujou aplike pou lòt lojman abòdab nan Somerville. Men ki òganizasyon nan Somerville ki ka ede w chèche lojman oswa ki gen fòmilè pou mande lojman:

- Otorite lojman nan Somerville
- Biwo lojman ki stab nan Somerville
- Asosyasyon sanzabri nan Somerville
- Sosyete kominotè nan Somerville
- Ajans aksyon kominotè nan Somerville

Dat ki enpòtan yo:

Aplikasyon yo ap disponib apati:
2 Fevriye 2026

Dat limit pou aplikasyon an:
2 Mas 2026



Èd pou aplikasyon an

Asistans pou fè aplikasyon san pran yon randevou ap disponib Mèkredi 18 Fevriye soti 9am-4pm nan City Hall Annex la ki sitiye nan 50 Evergreen Ave, Somerville MA 02145

Vizit Biwo Vityèl nou an sou Zoom chak Jedi apati de 5:30-7:30pm.

Jwenn pa konpitè, tablèt oswa smartphone: [Launch Zoom Meeting](#)

Rele pa telefon: 1(305) 224-1968

Kod Aksès: 811-0666-4399



VIL SOMERVILLE

Lis atant konbine pou lojman

Kesyon Ak Repons

Kontakte
nou:

inclusionary@somervillema.gov

617-625-6600 ekstansyon 2566

